



# Department of Health

ANDREW M. CUOMO  
Gouvènè

HOWARD A. ZUCKER, M.D., J.D.  
Komisè

LISA J. PINO, M.A., J.D.  
Komisè Egzekitif Adjwen

**DAT:** 4 avril 2021

**POU:** Lopital yo

**SOTI NAN MEN:** Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York

## Konsèy pou Lopital K ap Vaksine Pasyan Swen Alontèm yo Anvan yo Egzeyate yo nan yon Etablisman Swen Alontèm.

### Enfòmasyon Jeneral

Tout founisè ki enskri nan pwogram administrasyon vaksinasyon COVID-19 Eta New York yo oblije prezante nan Swivi Vaksen an nan lendi ak jedi. Eta a itilize enfòmasyon yo kolekte a pou analize ranman pou detèmine alokasyon vaksen alavni yo. Tout founisè ki enskri yo, ki gen ladan lopital yo, oblije soumèt demann planifikasyon chak semèn ("rezève davans") anvan yo resevwa yon alokasyon vaksen.

Tout lopital jeneral yo vize nan Atik 28 yo oblije ofri bay pasyan ki bay konsantman yo ki elijib sou plan medikal vaksen COVID-19 la bay pasyan sa anvan yo egzeyate yon pasyan nan yon mezon retrèt oswa nan yon lòt etablisman swen alontèm.

### Seleksyon Vaksen ki Apwopriye pou Pasyan Swen alontèm yo

Pou asire ke rezidan nan enstalasyon swen alontèm yo pran vaksen anvan yo egzeyate yo nan yon lopital, lopital yo dwe ofri vaksen pou tout pasyan sa yo anvan yo egzeyate nan yon etablisman swen alontèm. Vaksen Pfizer ak Moderna yon dezyèm dòz, pandan vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan egzije sèlman yon dòz inik.

Si li disponib epi akondisyon yon pasyan bay konsantman li epi yo detèmine ke li klinikman apwopriye pou vaksen sa yo, lopital yo ta dwe ofri vaksen Janssen (Johnson & Johnson) pou pasyan sa yo. Ofri vaksen Janssen la pral pèmèt pasyan yo resevwa benefis vaksinasyon an, pèmèt lopital yo alwe ak administre vaksen an pou popilasyon priyorite sa a, epi elimine nesosite pou gen yon dezyèm dòz nan etablisman swen alontèm lan lè yo ofri dòz inik sa pou sikonstans sa yo.

Lopital yo ta dwe bay dokiman klè nan mezon retrèt yo nan estati vaksinasyon pasyan yo jan sa aplikab – ki gen ladan, men pa sa sèlman, vaksen espesifik yo administre a, nan ki dat, si wi ou non mezon retrèt la bezwen administre yon dezyèm dòz, ak peryòd tan pou dezyèm dòz la

Tanpri kominike klèman egzijans sa a bay tout anplwaye ki ap administre oswa distribye vaksen an ak bay planifikatè egzeyat yo.

Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Depatman Sante Eta New York la, Biwo Vaksinasyon (Bureau of Immunization) an nan [COVID19vaccine@health.ny.gov](mailto:COVID19vaccine@health.ny.gov).